



# Re-ouvri New York



NEW  
YORK  
STATE

## Enstriksyon sou Dantistri pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Enstriksyon sa yo aplike ak tout aktivite swen dantè yo, gen ladan swen ijans ak swen ki pa ijans /fakiltatif yo nan tout Eta a. Referans pou pèsònèl swen sante dantè (dental healthcare personnel, DHCP) yo gen ladan dantis yo, ijyenis dantè yo, asistan dantè yo, teknisyen laboratwa dantè yo, etidyan ak estajè yo, pèsònèl kontraktiyèl yo, ak lòt moun ki pa dirèkteman enplike nan swen pou pasyan yo men ki te ekspozè potansyèlman ak ajan enfeksyon yo (pa egzanp pèsònèl administratif, eklezzyatik, menaje, mentnans, oswa volontè yo), dapre [enstriksyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi \(Centers for Disease Control and Prevention, CDC\)](#) yo.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout pwopriyètè/direktè etablisman dantistri yo ta dwe rete okouran pou nenpòt chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak aktivite dantisri epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo a. Enstriksyon sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak nòm aktyèl ki an aplikasyon yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
<b>Distans Fizik</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Asire distans 6 pye ant pèsònèl la, sòf si sekirite oswa fonksyon debaz nan aktivite travay la mande pou yon distans ki pi kout (egzanp pwovizyon swen pandan vizit ak pwosedi dantè yo).</li> <li>✓ Modifiye oswa mete restriksyon sou aksè nan nenpòt syèj zòn datant, jan sa nesesè, pou pèmèt sis pyedistans ant moun yo nan tout direksyon (egzanp, espas ant chèz yo, enstwi moun yo pou yo chita sou chèz yo yon fason altène).</li> <li>✓ Asire distans sosyal adekwa nan ti espas yo, tankou twalèt ak sal repo yo, ak siyal ak sistèm ki apwopriye (egzanp make lè ou okipe) pou mete restriksyon sou kapasite a.</li> <li>✓ Limite rasanbleman an pèsòn ki pa esansyèl yo (egzanp reyinyon yo) tout tan sa posib.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Pratikte aktivite dantè sa yo an akò avèk konsèy <a href="#">direktiv CDC a</a> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Asire w ke yo kouvri ak stoke tout founiti ki pa itilize yo ak enstriman dantè yo yon fason ki apwopriye (tankou pandri, tiwa, kabinèt yo).</li> <li>• Ranje chanm pasyan pou ke se sèlman ekipman ki nesesè ki esteril yo ki aksesib. Nenpòt founiti oswa ekipman ki ekspozè men ki pa itilize, yo ta dwe konsidere yo kòm kontamine.</li> <li>• Eseye limite oswa evite pwosedi ki pwodui ayewosòl chak fwa sa posib (eg. evite pyès dantè a men yo, sereng lè/dlo yo, ekoutè iltrason yo) epi bay priyorite ak enstriman men ak teknik restorasyon ki minimalman envazif/atwomatik. Si pwosedi ki pwodui nan ayewosòl yo nesesè, pran prekosyon pou minimize ekspozisyon (egzanp, dantisri a kat men, aspirasyon pou evakyasyon elve, baraj dantè, ak pèsònèl limite pou sipò pwosedi).</li> <li>• Kenbe sistèm vantilasyon apwopriye pou bay bon jan mouvman lè nan zòn pwòp pou rive nan zòn ki kontamine yo, al gade <a href="#">direktiv CDC yo</a> ak <a href="#">rekòmandasyon OSHA yo</a> pou plis detay sou konfigirasyon HVAC ak filtraj lè apwopriye.</li> </ul> </li> <li>✓ Limite swen dantè a kèk pasyan jan sa kapab trete yon fason similtan san danje ak distans apwopriye nenpòt lè sa posib.</li> <li>✓ Itilize tep pou afiche mak distans sosyal la oswa pano pou endike 6 pye espas nan zòn moun itilize ak lòt zòn posib (egzanp estasyon depistaj yo, sal repo yo, zòn kontwòl yo).</li> <li>✓ Konseye pasyan yo pou limite vizitè ki akonpanye yo nan randevou dantè yo, nan limit ki posib.</li> <li>✓ Ankouraje vizitè yo pou yo rete deyò oswa nan machin yo jiskaske lè randevou yo te deziyen pou yo a rive.</li> </ul>

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



# Re-ouvri New York



## Enstriksyon sou Dantistri pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Enstriksyon sa yo aplike ak tout aktivite swen dantè yo, gen ladan swen ijans ak swen ki pa ijans /fakiltatif yo nan tout Eta a. Referans pou pèsone swen sante dantè (dental healthcare personnel, DHCP) yo gen ladan dantis yo, ijyenis dantè yo, asistan dantè yo, teknisyen laboratwa dantè yo, etidyan ak estajè yo, pèsone kontraktiyèl yo, ak lòt moun ki pa dirèkteman enplike nan swen pou pasyan yo men ki te ekspozè potansyèlman ak ajan enfeksyon yo (pa egzanp pèsone administratif, eklezzyastik, menaje, mentnans, oswa volontè yo), dapre [enstriksyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi \(Centers for Disease Control and Prevention, CDC\)](#) yo.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout pwopriyetè/direktè etablisman dantistri yo ta dwe rete okouran pou nenpòt chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak aktivite dantisri epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo a. Enstriksyon sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak nòm aktyèl ki an aplikasyon yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
<b>Distans Fizik (kontinye)</b>		<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Minimize randevou sipèpoze yo pou diminye dansite moun ki nan etablisman an.</li> <li>✓ Menen e opsyon tele-dantisri kote sa apwopriye pou konsiltasyon ki pa ijans yo pou potansyèlman minimize swen nan biwo dapre <a href="#">direktiv CDC yo</a> ak <a href="#">rekòmandasyon OSHA yo</a>.</li> </ul>
<b>Ekipman Pwotektif</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Asire ke pasyan yo ak vizitè ki akonpaye yo mete kouvèti vizaj tout tan lè yo nan etablisman dantè a (tankou nan asansè, vestibil, ak zòn datant yo) eksepte lè y'ap sibi pwosedi dantè yo. Kouvèti ki akseptab yo enkli o minimòm kouvèti vizaj an twal oswa mask chirijikal ki byen kouvri nen an ak bouch ou.</li> <li>✓ Pwokire yon apwovizyonman PPE nesèsè ki adekwa epi bay anplwaye yo PPE ki akseptab ak apwopriye san peye.</li> <li>✓ DHCP dwe mete PPE ki apwopriye lè yo ap pran swen pasyan yo dapre <a href="#">nòm OSHA</a>, yo ki apwopriye yo, tankou mask chirijikal, pwoteksyon pou zye, gan, ak rad pwoteksyon lè li ap fè nenpòt pwosedi dantè ki pa pwodui ayewosòl. <ul style="list-style-type: none"> <li>• Pou pwosedi ki pwodui ayewosòl yo, founisè yo ta dwe mete yon respiratè N95 oswa yon lòt ki gen pi bon kalite ki apwopriye pou fè tès, ki sètifye pa NIOSH, pwoteksyon pou zye (egzanp linèt pwoteksyon, plak pwotèj vizaj) gan ak ròb.</li> </ul> </li> <li>✓ Etabli politik pou retire ak ranplase PPE anvan ak apre DHCP yo wè pasyan yo. DHCP dwe swiv <a href="#">rekòmandasyon CDC</a> yo pou mete ak retire PPE. Pa egzanp, lè w'ap retire PPE ki kapab kontamine tankou mask figi oswa respiratè N95, pa manyen deyò mask la san ou pa mete gan. Toujou fè ijyèn men anvan ak apre w fin itilize PPE.</li> <li>✓ Anplwaye ki gen tach ki pa gen rapò ak swen pasyan yo tankou anplwaye biwo yo tou dwe mete kouvèti vizaj ki apwopriye tout tan.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Konseye pasyan yo ak vizitè yo davans pou mete kouvèti vizaj ki apwopriye yo.</li> <li>✓ Si pasyan yo rive nan etablisman dantè yo san Kouvèti vizaj ki apwopriye, bay kouvèti vizaj si founiti yo adekwa oswa mande pasyan yo pran yon lòt randevou epi retounen ak kouvèti vizaj ki apwopriye.</li> <li>✓ Raple pasyan yo tou pou yo mete kouvèti vizaj ki apwopriye nan espas komen yo anvan yo rantre/sòti nan etablisman an (eg. vestibil, koridò, asansè yo).</li> <li>✓ Enstale aparèy ke yo ka itilize san touche, tankou distribitè savon/sèvyèt san kontak ak bwat fatra san kontak.</li> </ul>



# Re-ouvri New York



## Enstriksyon sou Dantistri pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Enstriksyon sa yo aplike ak tout aktivite swen dantè yo, gen ladan swen ijans ak swen ki pa ijans /fakiltatif yo nan tout Eta a. Referans pou pèsònèl swen sante dantè (dental healthcare personnel, DHCP) yo gen ladan dantis yo, ijyenis dantè yo, asistan dantè yo, teknisyen laboratwa dantè yo, etidyan ak estajè yo, pèsònèl kontraktiyèl yo, ak lòt moun ki pa dirèkteman enplike nan swen pou pasyan yo men ki te ekspozè potansyèlman ak ajan enfeksyon yo (pa egzanp pèsònèl administratif, eklezyastik, menaje, mentnans, oswa volontè yo), dapre [enstriksyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi \(Centers for Disease Control and Prevention, CDC\)](#) yo.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout pwopriyete/direktè etablisman dantistri yo ta dwe rete okouran pou nenpòt chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak aktivite dantisri epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo a. Enstriksyon sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak nòm aktyèl ki an aplikasyon yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
<p><b>Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Adere a egzijans ijyèn ak asenisman yo ki soti nan <a href="#">Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo</a> (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak <a href="#">Depatman Sante</a> (Department of Health, DOH) epi kenbe rejis netwayaj nan espas la ki gen ladan dat, tan, ak anvègi netwayaj yo.</li> <li>✓ DHCP dwe rete tann omwen 15 minit apre yo fin konplete pwosedi dantè yo pou pèmèt ti gout kontajye potansyèl yo tonbe ase nan lè a anvan yo kòmanse netwaye ak dezenfeksyon sifas yo nan sal <a href="#">operasyon dantè</a> dapre <a href="#">Direktiv CDC sou Jenerasyon ak Konpòtman Patikil nan Lè</a>.</li> <li>✓ Anplwaye ki netwaye ak dezenfekte sal operasyon an dwe mete o minimòm gan, mask chirijikal, ak pwoteksyon pou zye tankou linèt pwoteksyon oswa plak pwotèj pou vizaj.</li> <li>✓ Bay e kenbe estasyon ijyèn men sou sit la, ansanm ak lave men ak savon, dlo, ak papyè, ansanm ak dezenfektan pou men ki fèt a baz alkòl ki gen 60% oswa plis alkòl pou espas kote lave men pa posib.</li> <li>✓ Mete dezenfektan pou men disponib nan zòn komen yo. Yo ta dwe mete li nan yon kote pratik, tankou nan antre yo, sòti yo, zòn datant yo. Yo ta dwe enstale distribitè dezenfektan san kontak kote sa posib.</li> <li>✓ Fè netwaye ak dezenfekte regilye nan etablisman ak nan twalèt yo, epi netwaye ak dezenfekte pi souvan zòn ki gen anpil risk yo anpil moun itilize ak sifas yo manyen souvan yo.</li> <li>✓ Asire ke ekipman ak zouti yo netwaye ak dezenfekte regilyèman nan sèvi avèk dezenfektan klas lopital. Ale li <a href="#">rekòmandasyon OSHA yo</a>, ak <a href="#">lis pwodui</a> Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) yo ki anrejistre nan Eta New York epi idantifye pa EPA kòm efikas kont COVID-19 la.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Retire nenpòt ki objè yo touche ki pa ka netwaye ak dezenfekte regilyèman (egzanp jwèt yo, magazin yo, plim yo).</li> <li>✓ Mete siyalizasyon toupre estasyon dezenfektan pou men yo ki endike ke men ki byen parèt sal dwe lave avèk savon ak dlo; dezenfektan pou men pa efikas pou men ki byen parèt sal.</li> </ul>



# Re-ouvri New York



## Enstriksyon sou Dantistri pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Enstriksyon sa yo aplike ak tout aktivite swen dantè yo, gen ladan swen ijans ak swen ki pa ijans /fakiltatif yo nan tout Eta a. Referans pou pèsònèl swen sante dantè (dental healthcare personnel, DHCP) yo gen ladan dantis yo, ijyenis dantè yo, asistan dantè yo, teknisyen laboratwa dantè yo, etidyan ak estajè yo, pèsònèl kontraktiyèl yo, ak lòt moun ki pa dirèkteman enplike nan swen pou pasyan yo men ki te ekspozè potansyèlman ak ajan enfeksyon yo (pa egzanp pèsònèl administratif, eklezyastik, menaje, mentnans, oswa volontè yo), dapre [enstriksyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi \(Centers for Disease Control and Prevention, CDC\)](#) yo.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout pwopriyetè/direktè etablisman dantistri yo ta dwe rete okouran pou nenpòt chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak aktivite dantisri epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo a. Enstriksyon sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak nòm aktyèl ki an aplikasyon yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
<b>Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon (kontinye)</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Prevwa netwayaj ak dezenfeksyon espas ki ekspozè si yon moun konfime pozitif ak COVID-19 la, yon netwayaj konsa ki pou genyen, o minimòm, tout espas moun frekante ak sifas moun touche anpil (eg. asansè, zòn datant, antre, eskanè badj, men kourant, twalèt, manch pòt yo).</li> <li>✓ Mete respipyan ozalantou etablisman an pou jete atik ki sal, ki gen ladan PPE.</li> <li>✓ Entèdi manje ak bwason pataje (egz: repa stil bifè), ankouraje moun pote manje ki sot lakay yo, e rezève ase espas po anplwaye pratike distans sosyal la pandan repa yo.</li> </ul>	
<b>Kominikasyon</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Afime ke ou te revize e konprann konsèy eta a te pibliye sou endistri a, epi w'ap aplike yo.</li> <li>✓ Enstitiye yon plan fòmasyon pou edike tout anplwaye yo sou nouvo pratik ak responsablite yo anvan yo re-ouvri oswa agrandi operasyon yo.</li> <li>✓ Post siy toutpatou nan etablisman dantè a, ki konsistan avèk siyalizasyon COVID-19 DOH la, k'ap raple moun yo pou kenbe distans fizik, mete kouvèti vizaj ki apwopriye, swiv ijyèn men ak etikèt tous yo, epi rapòte sentòm COVID-19 yo.</li> <li>✓ Fè depatman sante eta ak lokal yo konn sa touswit lè yon anplwaye nan lye travay yo a mete yo okouran yon rezilta tè COVID-19 pozitif pa yon DHCP nan etablisman pa yo.</li> <li>✓ Kolabore ak efò rechèch depatman sante eta ak lokal yo.</li> <li>✓ Afiche plan sekirite konplè sou plas kote pou tout moun wè nan lokal espas travay la.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Konsidere devlope sit entènèt, gwoup tèks ak imèl, ak medya sosyal kòm yon mwayen pou kominike sou nouvo mezi ak pratik COVID-19 yo.</li> <li>✓ Devlope yon plan kominikasyon ki enkli enstriksyon aplikab, fòmasyon, siyalizasyon, ak moyen konsistan pou bay moun yo enfòmasyon ki ajou.</li> </ul>

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



# Re-ouvri New York



## Enstriksyon sou Dantistri pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Enstriksyon sa yo aplike ak tout aktivite swen dantè yo, gen ladan swen ijans ak swen ki pa ijans /fakiltatif yo nan tout Eta a. Referans pou pèsònèl swen sante dantè (dental healthcare personnel, DHCP) yo gen ladan dantis yo, ijyenis dantè yo, asistan dantè yo, teknisyen laboratwa dantè yo, etidyan ak estajè yo, pèsònèl kontraktiyèl yo, ak lòt moun ki pa dirèkteman enplike nan swen pou pasyan yo men ki te ekspozè potansyèlman ak ajan enfeksyon yo (pa egzanp pèsònèl administratif, eklezzyastik, menaje, mentnans, oswa volontè yo), dapre [enstriksyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi \(Centers for Disease Control and Prevention, CDC\)](#) yo.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout pwopriyètè/direktè etablisman dantistri yo ta dwe rete okouran pou nenpòt chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak aktivite dantisri epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo a. Enstriksyon sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak nòm aktyèl ki an aplikasyon yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
<b>Depistaj</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ DHCP ki prezante sentòm lè yo rive nan travay oswa ki vin malad pandan jounen an, yo dwe voye yo lakay yo imedyatman.</li> <li>✓ Kreye evalyasyon depistaj sante obligatwa (eg. kesyonè, kontwòl tanperati) pou DHCP, pasyan yo, ak vizitè yo k'ap mande konsènan (1) <a href="#">sentòm</a> COVID-19 la nan 14 jou pase yo, (2) tès COVID-19 pozitif nan 14 jou pase yo, ak/oswa (3) kontak sere oswa kontak pwòch ak yon ka COVID-19 konfime oswa sispèk nan 14 jou pase yo.</li> <li>✓ Imedyatman notifye depatman sante eta a ak lokal yo sou ka ki konfime pozitif ak bay moun nan enfòmasyon sou swen sante ak resous tès yo.</li> <li>✓ Revize tout repons ke yo te kolekte nan pwosesis depistaj la chak jou e kenbe yon anrejistreman revizyon sa yo. Idantifye yon kontak antanke pati pou anplwaye yo pou ka enfòm si pita yo vin gen sentòm ki gen rapò ak COVID-19 la, jan sa note nan kesyonè a.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Tretman dantè pou yon moun ki depiste pozitif pou sentòm COVID-19 ta dwe difere si sa posib epi si pasyan pa bezwen swen dantè ijans. Si swen dantè ijans nesèsè, konfòme avèk <a href="#">Rekòmandasyon Pwovizwa nan kad Prevansyon ak Kontwòl Enfeksyon CDC a</a> oswa al gade nan yon etablisman ki gen kontwòl teknik apwopriye ki an plas pou pran swen pasyan an.</li> <li>✓ Deziyen yon pwen kontak santral, ki ka varye selon aktivite, espas, chanjman orè travay oswa jou, responsab pou resevwa ak ateste ke li te revize tout kesyonè yo, ak kontak sa ki idantifye tou kòm pati ke moun yo dwe enfòm si pita yo santi sentòm ki gen rapò ak COVID-19 la.</li> <li>✓ Kenbe yon jounal chak jou sou tout DHCP yo ak vizitè yo ki te ka gen kontak sere ak lòt moun nan etablisman an; san nou pa mete livrezon ki fèt nòmalmman ak PPE oswa pa mwayen san kontak. Ankouraje men pa egzijè pou pasyan ak vizitè bay enfòmasyon kòm yon pati nan jounal sa a.</li> <li>✓ Fè pratik depistaj yo a distans (egz. nan telefòn oswa ankèt elektwonik), nan mezi sa posib.</li> <li>✓ Mande DHCP pou imedyatman devwalè si yo kòmanse fè eksperyans sentòm yo, enkli sentòm andeyò lè travay yo.</li> <li>✓ Gade rekòmandasyon CDC yo sou "<a href="#">Sentòm Kowonaviris</a>" pou dènye enfòmasyon yo sou sentòm ki asosye ak COVID-19.</li> <li>✓ Konsilte <a href="#">konsèy</a> DOH a sou pwotokòl ak règleman pou anplwaye k'ap chèche retounen nan travay apre yo sispèk oswa konfime yon ka COVID-19 oswa apre yon anplwaye te gen kontak sere oswa kontak pwòch ak yon moun ki gen COVID-19 la.</li> <li>✓ Se moun ki abitye ak pwotokòl CDC, DOH ak OSHA yo ki dwe fòme moun k ap fè depistaj yo epi yo dwe mete ekipman pwoteksyon PPE ki apwopriye ke patwon yo bay, ki gen ladan omwen, yon pwoteksyon figi.</li> </ul>

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.